

# BAB I BUBUKA

## 1.1 Kasang Tukang Masalah

Dina hakékatna atikan miboga tujuan pikeun ngawangun karakter bangsa. Atikan karakter nyaéta usaha pikeun numuwuhkeun sikep anu hadé, anu hasilna katempo dina kahirupan sapopoé. Kiwari, krisis moral/karakter mindeng diwartakeun dina média massa saperti lobana séks bébas di kalangan rumaja, tawuran pelajar, foto jeung video porno anu sumebar di kalangan pelajar, jsb (Kesuma, 2012, kc.2). Padahal tarékah pamaréntah sangkan ngaronjatkeun atikan karakter geus kauger dina Undang-Undang No.20 taun 2003 Bab 2 Pasal 3 nu negeskeun.

*Pendidikan nasional berfungsi mengembangkan kemampuan dan membentuk watak serta peradaban bangsa yang bermartabat dalam rangka mencerdaskan kehidupan bangsa, bertujuan untuk berkembangnya potensi peserta didik agar menjadi manusia yang beriman dan bertakwa kepada Tuhan Yang Maha Esa, berakhlak mulia, sehat, berilmu, cakap, kreatif, mandiri, dan menjadi warga negara yang demokratis serta bertanggung jawab* (Kementrian Pendidikan Nasional dina Kesuma, 2012, kc. 6).

Kemendiknas ogé nu nétélakeun dalapan belas ajén atikan karakter, nya éta

*religius, jujur, toleransi, demokratis, disiplin, kerja keras, kreatif, mandiri, rasa ingin tahu, semangat kebangsaan, cinta tanah air, menghargai prestasi, bersahabat, cinta damai, gemar membaca, peduli lingkungan, peduli sosial, jeung tanggung jawab* (Syarbini, 2012, kc. 25).

Lian ti éta, tarékah séjén anu dilakukeun ku pamaréntah sangkan bisa ngahontal atikan karakter nya éta ngaliwatan sababaraha mata pelajaran nu aya di sakola saperti Pendidikan Kewarganegaraan, Pendidikan Agama, jeung Bimbingan Konseling. Sok sanajan geus aya mata pelajaran anu ngabahas ngeunaan atikan karakter, dina kanyataanana masih dianggap can nyugemakeun. Ku kituna, perlu aya cara séjén pikeun ngaronjatkeun kualitas moral jeung ahlak rumaja kiwari.

Cara séjén pikeun ngungkulan masalah di luhur nya éta ngaliwatan pangajaran sastra. Nurutkeun Koswara (2013, kc. 103) saéstuna sastra téh mangrupa hiji sisi (bagian) tina seni anu boga ciri mandiri, ngandung kaartistikan, ngandung

kaéndahan, ngandung kajujuran, ngandung kaorsinilan, jeung ngandung bebeneran anu salawasna nungtun panganutna kana sipat anu lemes, malahan nganteur kana tujuan pangjugjugan kahirupan manusa anu leuwih wijaksana.

Jobrahim, ed (dina Haerudin jeung Koswara, 2017, kc. 6) nyebutkeun yén sastra téh némbongkeun gambaran kahirupan, nu mana éta kahirupan téh mangrupa hiji kanyataan sosial. Salah sahiji karya sastra anu leubeut ku ajén-ajén nya éta dongéng. Dongéng nya éta carita tradisional anu palaku jeung kalakuanna dibayangkeun saperti dina kahirupan sapopoé, tapi dongéng miboga unsur pamohalan (Harini, 2015, kc. 2). Ieu hal luyu jeung pamadengan Iskandarwassid anu nétélakeun yén dongéng téh nya éta ngaran salah sahiji golongan carita, dina wangun prosa (lancaran). Kajadian carita dina dongéng sakapeung sok karasa pamohalan (Iskandarwassid, 2017, kc. 47).

Urang Sunda miboga carita ngeunaan Nini Antéh. Dina *Kamus Basa Sunda* nu ditulis ku R.A Danadibrata (2015, kc. 28) dijelaskeun yén Nini Antéh mangrupa kalangkang nu katémbong aya dina bulan purnama saperti nu keur ninun bari nyanghunjar. Nini Antéh biasana sok dibaturan ku ucing anu ngaranna Candramawat. Carita Nini Antéh mangrupa folklor lisan urang Sunda. Nurutkeun Danandjaja (1984, kc. 2) folklor nya éta hiji budaya koléktif anu sumebar tur diwariskeun turun-tumurun sacara lisan. Carita Nini Antéh kaasup kana wanda dongéng. Kiwari dongéng lisan teu ngan saukur dicaritakeun sacara langsung, tapi dongéng bisa ditransformasi kana wangun anu séjén boh jadi novel, carpon, atawa carita drama. Dina taun 1993 A.S Kesuma nuliskeun dongéng Nini Antéh kana buku anu judulna *Dongeng Nini Anteh*. Taun 2014 dina kagiatan Féstival Drama Basa Sunda, Nunu Nazarudin Azhar kungsi nyieun naskah drama anu judulna Antéh.

Dumasar kana éta hal, dua wanda karya sastra di luhur bisa ditalungtik ku cara ngabandingkeun unsur-unsur pangwangun karya sastrana. Saacan ngabandingkeun éta dua karya sastra, perlu dianalisis heula naon waé unsur pangwangun karya sastrana ku cara maké tiori struktural. Tiori struktural nya éta tiori dina hiji karya nu diwangun ku: (1) téma; (2) fakta carita (tokoh, latar, jeung alur), jeung (3) sarana sastra (judul, sudut pandang, gaya basa, simbol-simbol, ironi) (Stanton, 2012, kc.15). Luyu jeung pamadegan Nurgiantoro dina Permadi

Resti Pandani, 2019

**BABANDINGAN STRUKTUR DONGÉNG NINI ANTÉH JEUNG CARITA DRAMA ANTÉH PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA DONGÉNG KELAS VII SMP (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG ÉTNOPÉDAGOGIK)**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

(2017, kc.6) anu nétélakeun yén analisis karya sastra kudu museur kana unsur-unsur intrinsik nu ngawangunna.

Sanggeus kitu éta dua karya sastra bisa dibandingkeun maké tiori sastra bandingan. Sastra bandingan mangrupa hiji métode pikeun ngalegaan pamarekan sastra, henteu ngan ukur dumasar bangsa jeung nagara. Analisis babandingan dipaké ku cara ngabandingkeun sasaruuan jeung bébédaan dina karya satrana. Ieu hal luyu jeung pamadegan Ruhaliah (2016, kc. 8) anu nétélakeun yén dina sastra bandingan nu dipaluruh téh nya éta rupa-rupa sasaruuan, bébédaan jeung rupa-rupa pangaruh nu aya dina téks. Sanggeus kitu éta dua karya sastra bisa dibandingkeun maké tiori sastra bandingan.

Analisis babandingan dipaké ku cara ngabandingkeun sasaruuan jeung bébédaan dina karya satrana. Ieu hal luyu jeung pamadegan Ruhaliah (2016, kc. 8) anu nétélakeun yén dina sastra bandingan nu dipaluruh téh nya éta rupa-rupa sasaruuan, bébédaan jeung rupa-rupa pangaruh nu aya dina téks. Aya pangaruh nu jéntré tur babari pisan dipaluruhna, aya ogé nu samar pisan. Kasim dina Endraswara (2014, kc. 81) nétélakeun widang-widang anu jadi puseur panalungtikan sastra bandingan nya éta: (1) téma jeung motif, ngawengku (a) ide, (b) gambaran perwatakan, (c) galur (*plot*), épisode, latar (*setting*), jeung (d) ungkara-ungkara; (2) *genre* jeung wangun (*form*), stilistika, majas, jeung suasana; (3) aliran (*moventent*) jeung angkatan (*generation*); (4) hubungan karya sastra jeung élmu pangaweruh, agama/kapercayaan, jeung karya-karya seni; (5) tiori sastra, sejarah sastra, jeung tiori kritik sastra.

Tiori sastra bandingan miboga kaonjoyan pikeun mikanyaho hubungan antara hiji karya jeung karya séjén, tuluy ngaliwatan ieu tiori bisa méré nyaho pangaruh hiji karya sastra kana karya sastra nu séjén. Dina ieu panalungtikan, panalungtik museurkeun panalungtikan kana analisis téma, tokoh, galur, jeung latar dina carita drama “Antéh” jeung *Dongeng Nini Anteh* anu satuluyna dipatalikeun jeung ajén-ajén étnopédagogik. Ieu panalungtikan miboga udagan pikeun méré pangaweruh ngeunaan sasaruuan jeung bébédaan nu aya dina eusi carita Antéh boh dina carita drama boh dina dongéngna anu geus dibukukeun.

Sababaraha panalungtikan ngeunaan sastra bandingan nya éta skripsi *Babandingan Dongéng Dalem Boncél, Malin Kundang, jeung Nini Kudampai*

Resti Pandani, 2019

**BABANDINGAN STRUKTUR DONGÉNG NINI ANTÉH JEUNG CARITA DRAMA ANTÉH PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA DONGÉNG KELAS VII SMP (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG ÉTNOPIÉDAGOGIK)**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

*pikeun Bahan Pangajaran Maca Dongéng Di Kelas VII SMP (Ulikan Struktural jeung Étnopedagogik)* ku Yogi Permadi (2013-2017) anu nalungtik ngeunaan téma, palaku, galur, jeung latar tina masing-masing carita anu dipatalikeun jeung ajén atikan karakter tuluy dipatalikeun ogé jeung bahan pangajaran jeung tesis *Transformasi Novel Dongeng Nini Anteh karya A.S. Kesuma ke Tayangan Opera Van Java Episode Nyai Anteh Penjaga Bulan* ku Yostiani Noor Asmi Harini anu nalungtik ngeunaan ekspansi, konversi, modifikasi jeung irisan.

Bédana jeung panalungtikan saacanna, dina ieu panalungtikan objék anu dibandingkeun nya éta carita drama “Antéh” jeung *Dongeng Nini Anteh*. Dumasar kana pedaran di luhur panalungtikan ngeunaan Babandingan Dongéng *Nini Anteh* jeung Carita Drama “Antéh” pikeun Bahan Pangajaran Maca Dongéng di Kelas VII SMP (Ulikan Struktural jeung Étnopedagogik) penting pikeun dianalisis.

## 1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kasang tukang di luhur, masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun ku cara maké kalimah pananya saperti ieu di handap.

- 1) Kumaha struktur dongéng *Nini Anteh* jeung carita drama “Antéh” anu ngawengku palaku, galur, latar, jeung téma?
- 2) Kumaha babandingan struktur dongéng *Nini Anteh* jeung carita drama “Antéh”?
- 3) Naon waé ajén atikan karakter anu nyampak dina dongéng *Nini Anteh* jeung carita drama “Antéh”?
- 4) Kumaha larapna hasil panalungtikan pikeun bahan pangajaran maca dongéng di kelas VII SMP?

## 1.3 Tujuan Panalungtikan

### 1.3.1 Tujuan Umum

Ieu panalungtikan sacara umum miboga udagan pikeun nambahan pangaweruh atawa élmu ngeunaan sastra. Salian ti éta, pikeun maluruh babandingan struktur dina dongéng *Nini Antéh* jeung carita drama *Antéh*, tuluy dipatalikeun jeung ajén atikan karakter nu aya dina masing-masing téks.

### 1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan miboga udagan pikeun medar jeung maluruh:

- 1) struktur dongéng *Nini Anteh* jeung carita drama “Antéh” anu ngawengku palaku, galur, latar, jeung téma.
- 2) babandingan struktur dongéng *Nini Anteh* jeung carita drama “Antéh”.
- 3) ajén atikan karakter anu nyampak dina dongéng *Nini Anteh* jeung carita drama “Antéh”.
- 4) larapna hasil panalungtikan pikeun bahan pangajaran maca dongéng di kelas VII SMP.

## 1.4 Mangpaat/Signifikansi Panalungtikan

### 1.4.1 Mangpaat Tioritis

Mangpaat tioritis dina ieu panalungtikan nya éta pikeun ngeuyeuban paélmaan ngeunaan sastra, utamana sangkan bisa ngamekarkeun pangaweruh ngeunaan dongéng, atikan karakter jeung sastra bandingan.

### 1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis nu bisa dicangking tina ieu panalungtikan nya éta saperti ieu di handap.

- 1) ngajembaran pangaweruh ngeunaan karya sastra, hususna dongéng *Nini Anteh* karya A.S. Kesuma jeung carita drama “Antéh” karya Nunu Nazarudin Azhar.
- 2) bisa jadi sumber référénsi pikeun para mahasiswa jeung akademisi séjénna dina nalungtik karya sastra Sunda.
- 3) pikeun panalungtik ngeuyeuban pangaweruh jeung wawasan.
- 4) pikeun maham ajén karakter nu aya dina hiji karya sastra.
- 5) hasil ieu panalungtikan bisa dijadikeun alternatif bahan pangajaran dongéng di kelas VII SMP.

## 1.5 Sistematika Tulisan

Sistematika dina ieu skripsi ngawengku lima bab, nya éta saperti ieu di handap.

1. Bab I Bubuka, medar ngeunaan kasang tukang masalah, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, sarta mangpaat panalungtikan. Tujuan panalungtikan ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus. Sedengkeun mangpaat panalungtikan ngawengku mangpaat teoritis jeung mangpaat praktis.
2. Bab II Ulikan Tiori, medar ngeunaan tiori-tiori anu jadi dadasar pikeun panalungtikan. Eusi tiori dina ieu bab nya éta tiori ngeunaan sastra bandingan, drama, dongéng, tiori struktural, jeung ajén-ajén étnopédagogik.
3. Bab III Métodologi Panalungtikan, eusina ngeunaan métode panalungtikan anu ngawengku desain panalungtikan, sumber data panalungtikan, téhnik panalungtikan anu dibagi deui jadi dua bagian nyaéta téhnik ngumpulkeun data jeung téhnik ngolah data, instrumén panalungtikan, jeung léngkah nganalisis data.
4. Bab IV Hasil jeung Pedaran, medar hasil panalungtikan ngeunaan struktur dongéng *Nini Anteh* jeung carita drama “Antéh”, babandingan struktur dongéng *Nini Anteh* jeung carita drama “Antéh”, ajén atikan karakter anu nyampak dina dongéng *Nini Anteh* jeung carita drama “Antéh”, jeung larapna hasil panalungtikan pikeun bahan pangajaran maca dongéng di kelas VII SMP.
5. Bab V Kacindekan jeung Saran, eusina ngeunaan kacindekan tina hasil panalungtikan ogé dina ieu bab aya saran pikeun panalungtikan satuluyna anu ngagarap hal anu sarupa sangkan bisa leuwih hadé deui.